



Pou Piblikasyon Imedya: 08/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU OUKOURAJE YON PI GRAN EKITE AK RESTORE DINITE POU MOUN KI ENPLIKE NAN LAJISTIS

Lejislasyon (A.6977A/S.643A) ede moun ki libere sou kondisyon yo kenbe djòb yo epi kontinye edikasyon yo nan elaji orè pwogram sipèvizyon kominotè obligatwa yo nan lè ke yo pa travay yo

Lejislasyon (A.9273/S.8216) redui estigma danjere kont moun ki nan detansyon yo lè yo korije tèminoloji ki demode ke yo itilize nan Lwa Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif pou ankouraje pi gran ekite epi retabli diyite pou moun ki te afekte nan sistèm jistis penal la. Nouvo lejislasyon an pral ede moun ki libere sou kondisyon yo kenbe travay yo oswa pouswiv opòtinite edikasyon ak fòmasyon lè yo elaji lè moun yo ka patisipe nan pwogram sipèvizyon kominotè obligatwa yo nan lè ke yo pa travay yo. Anplis de sa, nouvo lejislasyon an pral diminye estigma danjere kont moun ki nan detansyon yo lè yo korije tèminoloji ki demode ke yo itilize pou fè referans a endividi ki nan detansyon nan lwa eta a.

"Nan New York, n ap fè tout sa nou kapab pou montre ke jistis ak sekirite ka mache men nan men," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou ka rann lari nou yo ak kominote yo pi an sekirite lè nou bay moun ki enplike nan jistis yo chans pou yo konplete pwogram reyabilitasyon an ak travay an menm tan. Lè nou trete tout Nouyòkè yo ak diyite ak respè, nou ka amelyore sekirite piblik pandan n ap asire Nouyòkè yo gen yon chans ekitab pou yo gen yon dezyèm chans."

Lejislasyon (A.6977A/S.643A) elaji lè moun ki libere sou kondisyon yo kapab patisipe nan pwogram sipèvizyon kominotè obligatwa yo nan lè ke yo pa travay, sa ki pral ede yo kenbe travay yo oswa kontinye pwogram edikasyon yo. Yo souvan oblije moun ki libere sou kondisyon yo pou yo pran tretman kont abi sibstans ak lòt pwogram reyabilitasyon pandan lè travay yo, sa ki fè li difisil pou yo kenbe travay yo oswa ale nan kou edikatif oswa nan fòmasyon. Lè yo pi byen entegre pwogram sipèvizyon kominotè yo nan edikasyon, fòmasyon, oswa orè travay moun ki libere sou kondisyon yo, lejislasyon sa a pral pèmèt yo priyoreze alafwa pwogram reyabilitasyon yo ak pwogram edikatif yo.

Senatè Eta a Luis Sepulveda, te deklare, "S.643A ta mande DOCCS pou pèmèt yon moun ki libere sou kondisyon ke yo anplwaye pran tretman kont itilizasyon sibstans ak lòt pwogram reyabilitasyon pandan lè ke yo pa travay yo, tankou nwit ak wikenn, olye ke yo kontinye pratik aktyèl la ki egzije pou yo manke jou nan travay yo epi riske yo revoke yo poutèt pou yo ka patisipe nan pwogram yo pandan jounen travay la. Anpil pwogram ofri sèvis yo nan jounen, nwit ak wikenn, oswa yo ta fè sa pou reponn ak bezwen kliyan yo. Egzije moun ki libere sou kondisyon yo kite oswa pèdi travay yo pou yo ka patisipe nan pwogramasyon yo vyole youn nan objektif fondamantal sipèvizyon libète sou kondisyon an ki se ede moun ki libere sou kondisyon yo jwenn travay epi vin manm pwodiktif nan sosyete a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon enpòtan sa a nan lalwa."

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen pyès lejislasyon ki trè enpòtan sa a, youn nan bagay nou bezwen fè pi byen se reyentegre moun ki soti nan etablisman koreksyonèl yo nan sosyete a, pwojè lwa sa a pral pèmèt moun sa yo gen alafwa travay aplentan ki pwofitab oswa responsablite akademik pou kapab toujou ranpli obligasyon yo lè yo sèvi ak nwit yo ak wikenn yo pou satisfè obligasyon yo pou itilizasyon sibstans ak lòt pwogram reyabilitasyon, swa atravè reyinyon an pèsòn oswa reyinyon videyo. Nou kòm sosyete bezwen fè tout sa nou kapab pou fè tranzisyon pou tounen nan sosyete a pi fasil epi pyès lejislasyon sa fè sa a."

Lejislasyon (A.9273/S.8216) ranplase mo "detni" nan lwa eta a pa "endividi ki nan detansyon". Moun ki afekte nan sistèm jistis penal la te remake depi lontan tèm tankou kriminèl, detni, prizonye, ak kondane yon fason ki pa imen moun yo epi kenbe lide ke moun ki nan detansyon yo ta dwe dyabolize ak estigmatize pou tout tan. Chanjman lang sa a nan lwa eta a pral diminye stigma kont moun ki enplike nan sistèm jistis kriminèl la epi kidonk elimine baryè ki genyen nan opòtinite yo rankontre yo. Lejislasyon anvan yo te kouvri tout ka yo nan lwa eta a, men yo pa te kouvri pati lejislasyon aktif an 2021 yo ke yo te siyen an lwa epi ki te enkli tèm "detni".

Senatè Eta a, Gustavo Rivera te deklare, "Lang enpòtan. Mwen fyè dèske Gouvènè Hochul siyen jodi a pwojè lwa mwen an pou ranplase tout referans mo detni pa moun ki nan detansyon nan lwa Eta New York la. Pandan twò lontan, nou kòm yon sosyete te panse de moun ki nan detansyon yo kòm moun ki enferyè ak lòt moun. Itilizasyon mo "detni" an plis dezimanize ak demoralize yo. Sa a se yon lòt etap konkrè Eta nou an ap pran pou fè sistèm jistis penal nou an yon sistèm ki konsantre sou reyabilitasyon, olye ke yo te konte sèlman sou pinisyon."

Manm Asanble Jeffrion L. Aubry te deklare, "Tèm penolojik tankou kriminèl, detni, prizonye, delenkan, epi kondane dezimanize, degrade, ak estigmatize moun. Sèvi ak yon tèm tankou 'endividi ki nan detansyon' rekonèt imanite moun epi yo ilistre valè redanmtris èt imen. Nouvo lwa sa a ap chèche pou korije tèminaloji demode ki gen yon enpak negatif sou tranzisyon yon moun pou yo tounen nan kominote pa yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418